

7 out 2009

Chè Paran/Gadyen:

Lèt sa a se pou enfòmasyon w “Dade County Local Educational Agency (LEA)” (Ajans Edikasyonèl Lokal Dade County), yo te idantifye li kòm yon LEA pou aksyon korektif baze sou Akò federal “No Child Left Behind (NCLB)” (Okenn Timoun Pap Ret Dèyè). Sa vle di LEA a pat satisfè youn oubyen plis kritè siksè akademik eta a, oubyen “Adequate Yearly Progress (AYP)” (Pwogrè Anyèl Adekwat) yo vize, nan lekti, redaksyon, matematik, e/oubyen pousantaj gradyasyon pou **kat oubyen plis** ane konsekitif. AYP mezire pèfòmans tout elèv e gwoup elèv espesifik baze sou ras/etnisite, kondisyon repa midi gratis oubyen nan pri redui, andikap, ak konpetans nan lang Anglè.

Pou satisfè AYP, yon pousantaj elèv nan chak gwoup dwe fè nòt nan nivo ane eskolè yo, oubyen pou yo demantre konpetans, nan egzamen “Florida Comprehensive Assessment Test® (FCAT)” (Evalyasyon Konpreyansif nan Florid) nan lekti, redaksyon, ak matematik. Si yon gwoup elèv ki pa reyisi, distri a ann antye ki pa satisfè demann AYP yo. Sa pa vle di LEA pa pase; sa vle di li bezwen amelyorasyon nan kèk domèn.

Tablo anba a montre pousantaj elèv ki konpetan nan distri w la konpare ak lòt elèv nan eta a.

<b>Pousantaj Elèv ki fè Nòt Siksè 2008-2009</b>			
<b>SIJÈ</b>	<b>OBJEKTIF</b>	<b>LEA</b>	<b>ETA</b>
<b>Lekti</b>	<b>65%</b>	<b>57%</b>	<b>60%</b>
<b>Matematik</b>	<b>68%</b>	<b>64%</b>	<b>66%</b>
<b>Redaksyon</b>	<b>Ogmante 1% oubyen 90% oubyen pi wo</b>	<b>Satisfè Objektif</b>	<b>Satisfè Objektif</b>
<b>Pousantaj Gradyasyon</b>	<b>Ogmante 1% oubyen 90% oubyen pi wo</b>	<b>Satisfè Objektif</b>	<b>Satisfè Objektif</b>

Pou plis enfòmasyon sou AYP, silvouplè vizite: <http://schoolgrades.fldoe.org/default.asp>

Ajans Edikasyonèl Lokal Dade County ap ranpli yon Plan Amelyorasyon Distri pou adrese siksè elèv li yo e nan domèn kote LEA pat satisfè AYP. Ou ka jwenn aksè sou Plan LEA w la nan paj Entènèt “Florida Department of Education” (Depatman Edikasyon Florid) nan [http://www.flbsi.org/0910\\_sip\\_template/login.aspx](http://www.flbsi.org/0910_sip_template/login.aspx). Depatman an ap bay sipò tou nan Ajans Edikasyonèl Lokal yo pou Aksyon Korektif LEA w la nan domèn yo rate nan AYP a. Anplis, LEA mande pou retire kèk fon administratif nan Pati A Title I, pou sipòte aktivite ki amelyore siksè elèv.

7 out 2009  
Paj de

Ou jwe yon wòl enpòtan nan edikasyon pitit ou. Nou envite w pou w patisipe nan lekòl pitit ou nan:

- ale nan konferans paran avèk pwofesè pitit ou
- patisipe plis nan aktivite lekòl yo
- tounen yon manm nan Komisyon Konseye Lekòl la
- fè volontè nan lekòl pitit ou

Si w gen kesyon konsènan pwogrè akademik lekòl pitit ou, LEA w la, oubyen kòman pou w patisipe, nou ankouraje w kontakte direktè lekòl ou a.

Sensèman,

Doktè Eric J. Smith

EJS/mkm/sd